

# ХIОЬЪНАШ

(дийцар)

Дукъахь дара ДадагIеран гIоли долу кхаш. Попа-лаьтта тIехь къаьсттина картол, хох, ж
I
онк – муьлхха а орамат дика кхуьура. Уьрдан йистошкахь кхоь-хьаьжк
I

а юьйра. Варша йистехь боккха кхор бара, оцу куьпахь а уггаре а зоьртала дитт ду ала мегар долуш. Кхаш т
I
е баьхкинчех дукхахболчара молуш генадоццуш шовда а дара. Цхьана заманахь Дадин дендас, Мадага, бaькkxинa мохк бу иза.

Шовданна гергахь хиларна билгалбина, шен хен-хенахь кхада а кходуш, доладина кхор I аламат куьцехь гора. Б
I
е шо сов хан ю цуьнан, Дадина хетарехь. Асара-маьрсан хенахь къахьоьгучарна к
I
елахь сада
I
а ч
I
ог
I
а бег
I
ийла дара кхузахь. Цул сов, гурахь
I
аламат мерза кхораш а хуьлура. Къаьсттина хичубохка а, цу баккха а магош бара Мадаган кхор. Виллина Дадас шен денда вуьйцуш ладийг
I
инчу Канина а бевзинера и кхор а, цунна гергара шовда а. Ша царна ц
I
ерш техкича санна, «Мадаган кхор», «Мадаган шовда» бохуш, д
I
алелара к
I
ант. Бакъду, т
I
аьххьарчу хенахь ун хиллера Канина оцу кхурах а, оцу шовданах а. «Вадал, битон эций, г
I
ой, шовдан шийла хи дохьуш воьл! Же, вадалахь, кхурах кхозучу гаьнгали чуьра к
I
ант самаваьллий хьажал!» – бохуш, дийнахь сарралц, толлу ж1аьла санна, кхан дохалла лоьллура иза. Асар динчу меттера
I
еха схьалехьор а дацара аттачех. Хьалхо, жима волуш, самукъа а долуш вог
I
ура Кана кха т
Iе
бог

I
учаьрца. Х1орш ворданахь боьлхуш, Дадас наггахь архаш а лора Кане. Цул т1ехдаьлла кхин хазахетар дацара к1ентан. Виллина ловзуш лела йиш хуьлура х
I
етахь. И д
I
адаьлла – х1инца кхуьнга хьадал-вадал бахар совдаьлла. Да
I
санна ц
I
ий а велла, х1инца сарралц ида везаш хуьлура х1ара. Г
I
аж таккхол мел хилларг а вара г
I
уллакх-балхана т
I
евоьллина. Сибарехара ц
I
адаьхкина дукха хан а яцара – лаьттана ховха куьг дезара: къацахетарийн карахь дисина, энжададаьллера даймехкан латта. Белхан ка ца долура. Веккъа цхьа Кана хилла ца
I
ара балхана т
I
евоьллина, лулахойн ардаш т
I
ехь а хезара, Кана санна, бертаза лоьхкучу берийн чам боцу ц
I
ог
I
анаш. Дукха ницкъаш а ца бора царна, амма гуттар а ловзар дезачу берийн арз-г
I
овг
I
а хотешкахь йоцуш ца хуьлура. Йочанаш д
I
асевцначуьра бохуш, балхана сутарабевлла хьийзара баккхийнаш: т
I
аьххьарчу муьрехь, дог
I
анаш лаьтташ, асарш дукъделлера. Цундела делкъа-хенахь а, ламаз диначул т
I
аьхьа а чомахь мижарг баа а йиш йоцуш, хьийзара дай-наной.

Бакъду, Канина базбеллера хIара асаран мур. Буьйсана ша набаро вожочу муьргехь а дагалелхара цунна: «Дависа, кхин цкъа а са ма хилахьара вайна арахь. Дависа, даима а бода латтахьара вайна!» Оцу ойлано ца хоьцура Кана. Цкъа кхуран
I
индаг
I
ехь кхозучу гаьнгали чохь воьлху ваша д
I
атеван вахийтича, цуьнга а балхийра цо шегара бала. «Мадаган кхор, Мадаган шовда аьллачохь биси х
I
орш-м. Дависарг-я
I
! Цкъа дакъалур дац-те и кхор а, и шовда а! Суна оьшуш хиллехь, тоххара дакъаделла хир дара. Сайна хаза ловзуш лелаш ма вара со.
I
умар!..
I
умиш!.. Варийлахь, воккхахила сих ма лолахь! Хьуо воккха хиллий а ца хоуьйтуш, х
I
окху гаьнгали чохь
I
е хьо. Со санна, хьийзор ву хьуна хьо а. Хи да,
I
еха т
I
егулбе, х
I
оьънаш схьалахьаде. Кхин х
I
ума хаа а ма ца хаьа х
I
окхарна-м… Чекх маца девр ду-те?! Кхин дан вон дац соьга, и х
I
оьънаш х
I
окхара хьахийча!..» – аьрзнаш дора к
I
анта. Кест-кеста хуьлура и аьрзнаш. Х
I
инца а, к
I

ант ца туьйш, хьийза Кана юкъахваьккхира ненан озо:

– Кана-а, соцур вац иза… со дIайогIу, ас вузор ву и. Хьо схьавоьл чехкка, ас асар даьккхинчу к Iайдарга тIера хIоьънаш схьалахьадел. Гучубаьл-баьлларг схьа ца эцча, лаьтта юкъа а доьлхий, къайладовлу уьш. Юхашара а, иштта бала а хилла, лаьттар ду, д
I
асхьа а керчош… Дала бекхам оьцийла царах, х
I
ан-х
I
аъ… – ша-шега луьйш хезара нана.

– Нана-а-а!.. – ира цIогIа делира кIантера, нанас и олу хезча. – Ма алахьа соьга уьш лехьаде! Ас лехьор дац хьуна уьш, ахьа со вийча а-м… И атта ду моьтту шуна… Хьорканаш лозуш ю-кх сан, и ведар т Iедеттаделла… суна к Iордийна!.
. Суна хьех-мерах чекхдевлла и шун х
I
оьънаш…

– Хьуна а, тхуна-м девлла!.. – аьлла, тIетайра нана. ТIаккха, юха а кIантана тIейирзира:

– Ма Iелахь, Кана, ас довр дийр ду хьуна. Сихо елахь. Со дIайогIу ...

– И цел етташ, мукъа Iаш волчу Мовсаре лехьадайта и хIоьънаш цкъа мукъане а… Ведар дуьзча, цуьнга хьуьн чу д
I
а мукъане а дахьийтахьа! – аьлла, велха волавелира к
I
ант.

– Кана-а!.. схьаволахьа нанина… ма велхахьа. Нахана дIахазахь, товш ма дац: хьо цхьа бутт баьлча, ишколе волавала везаш ма ву… Хьо воккха к

I
ант ма ву х
I
инца… Ши ведар лахьадехьа, диснарш ас айсса лахьор ду… Дика дуй?!

Мел догIучу дийнахь а иштта хьал дара кхаш тIехь. Наношна къахетара шайн кегийчу берех, делахь а, цара г Iо ца дича, лара ца бора уьш.

– Хьайн десара… и ши ведар дуьзча, ахь кхин лахьаде эр даций соьга?! – воьлхучуьра а тийна, нанна тIевирзира жима кIант.

Гаьнгали чуьра Iумар схьа а эцна, шина кIантана букъ тухуш, хьуьнехьа дIа а йирзина, и вузо юьйлира нана. Сутара ненах тасавелла
I
умар а д
I
атийра. Шен шогачу куьйгаца беран йовлакхан т
I
емиг а лаьцна, иза к
I
ентан юьхьах а, логах а хьоькхуш, цунна тамбора нанас. «Цкъа чекхбер бу х
I
ара мур а. Хало йоцуш, нохчочунна муххале а, цхьа а хан ца еана, – ойланаш йора нанас. – Хаза хенаш а йог
I
ур ю, Дала мукъалахь!.. Вай ц
I
ахь ду х
I
инца… Сибрехахь-х даций, шен Делан кхолламца!.. Нийса бохий ас,
I
умиш?! Т
I
аккха нанас хьо хьийзор вац хьуна, Кана санна. Х
I
етале х
I
оьънаш а чекхдовла ма мега. Т
I

аккха хьо, нанина юкъа-кара шовданера шийла хи а дохьуш,
I
ийчахьана волу… Х
I
аъ! Хьайна бочаб
I
араш а дууш, ц
I
азамаш а лехьош
I
ийр ву… нанин хазаниг ву, диканиг ву хьо… Катоххий, вуза хьажалахь,
I
уми-и-ш, нанин
I
ан йиш яц хьуна», – ша-шега а луьйш,
I
ара иза. Оцу муьргехь Канин шийла мохь хезира нанна. «Ма елхахьа, стаг йоцу х
I
ума… Гай-м ца ет
I
и хьан?!» – аьллачу Мовсаран г
I
овг
I
а а кхечира т
I
аьххье. Вуьзний-вузанзий волу к
I
ант гаьнгали чу а виллина, битон хьалаайина шийла хи а мелла, шина к
I
антана т
I
е яхара нана. Иза т
I
екхачале аьлла, дуьхьал мохь бетташ, бехказавийла х
I
оьттира Мовсар:

– Нана, ас цунна кIадда а ца дина хьуна… – бохуш.

– Ахь муха ца дина хIумма а?! Ас оцу коьртах хIоъ тоьхна, Iункарвоккхур ву хьо… Со лаза ца во, моьтту хьуна? – майраваьлла, чукхиссалора Кана.

– Нана, хьажахьа!.. Асарна цел а етташ, со дIавоьдуш волуш, «тIох-тIих» аьлла, хIоьъне х цел кхийтира сан, т
I
аккха ас, схьаэцна, кхин юха а ца хьожуш, т
I
иехьаластийра х
I
оъ. Шен хьоркех кхийти бохуш, яла керчаш ю-кх х
I
ара стаг йоцу х
I
ума. Ас цунна кхин дина х
I
умма дац, нана, бохуш – нанна хьалха бехказавуьйлура Мовсар.

Хилларг кхин хIума доцийла хууш йолу нана, Мовсарна тIе а йирзина, цуьнга бIаьца а йина, Канигахьа «г
I
о даккха» х
I
оьттира:

– Ойн, Мовсар, и хIума деш хуьлу ткъа?! Ши бIаьрг биллина, кхосса ма беза хIоъ… Йоккхачу тоьпан х
I
оъ бай иза-м… Хьуна х
I
ун моьтту?! Канин бехк бац, вилхича а, дера, бац… Мел боккха х
I
оъ бу иза. И кхетча-м, милла а воьлхур ву. Цу т
I
е а хьорканах кхеттий иза-м, – Канин хьорканах, эрна доллушехь, куьг хьекха х
I
оьттира нана. – Х
I
окхул т
I
аьхьа, юха а хьажий, кхоссалахь х
I
оъ. Денна, х

I
оьънаш схьалехьош, т
I
аьхьах
I
оьттина лелачу х
I
окхунна вай массара а йоккхачу тоьпан х
I
оьънаш т
I
едеттахь, х
I
ара-м атавелла чекхвер ма ву… – бохуш, шина к
I
антана юкъахь машар беш йоллура нана. Цо лелочух нийса кхетта Мовсар асарна цел
етта х
I
оьттира юха а.

ГIаьттина Кана, «тIалкI-тIилкI»-нехьа ведар чу хIоьънаш а туьйсуш, дегаза Мовсарна тI
аьхьаоьхура. Лерина ладоьг
I
ча бен ца къаьстара цо ден шабар-шибар: «Шен да-нана делла дисахьара х
I
орш… шен ворх
I
е а дена не
I
алт хуьлийла х
I
орш
I
енийначунна… ша схьалахьо дезаш хиллера… Дависа, и мила ву хаахьара: ас оцу хье т
I
а а деттар дара х
I
орш цунна. Кхуза ца
I
енийча, кхин меттиг яцара-те цунна… Ша велла дуьсийла цуьнан х
I
орш…

Канин «гIам-гIим» кIордийначу Мовсара эххар а човхийра иза:

– ХIе-ей! И хьайн цубуу дIа а сацаяй, бехьа и болх… Ахь ма г1ад-амал кхачийна…

Кхо шо бен шел воккха а воцчу вешех кIант башха оза а ца велира.

– ДIасацахьа, цулла а, хьо!.. Эцца и, цел етташ, Iен-м атта дай хьуна. Со маца вер ву
х Iорш лехьийна?! Шу хIинцца кхура
к Iел гIур ду,
со х Iо
ккхехь а витина… Суна к
I
ордийна х
I
орш лехьо, – яппарш йора к
I
анта.

– Чекхдовллац лехьийча, вер ву, – Iад ца Iалора Мовсар. – Иштта, хIинца ахь санна, маситта шарахь лехьийна, хьуна, уьш ас а… сол баккхийчара а. Хьой ца тешахь, нанега хаттал… Кхуза кхаш т
I
ехь мел болчу нехан бераш а ду, ахь санна, г
I
овг
I
а а ца еш, уьш лехьош… Эцца
I
усмин шовданехь берш а, Гехин кхорехь берш а, Уьди-г
I
алахь мел берш а...

– Делан дуьхьа бац!.. Суна и пуьташ стенна ютту ахь?! – юкъаиккхира Кана.

– ВаллахIа, бу-кх!.. ДIахьажахьа, дIо-о Iисин баса, хьуьлла Осмин кIажа, дIо-о-ге Коьжалга-дукъа… д
I
ахьажахьа д
I
о-о Уьдин-г
I
ала… Туп лаьттинчу д
I
ахьажахьа… Х
I
орш-м массо меттехь а дай… хьо бен вац моьтту хьуна, х
I
оьънаш лехьош?! Х
I
ор шарахь лехьош дай х
I
орш-м!..

Мовсаран тIаьххьара аьллачу дешнийн иэс дира Канас. « Цо муха элира?! Массо а меттехь лехьош ду… х Iор шарахь лехьош ду ма элира цо… – шен беран кхетамца ойлаян х Iоьттира Кана. – Ой, ткъа хIорш мичара девлла кхуза?! Мел лехьийча а, чекх ца довлуш, х
I
оьънаш мичара девлла?! Х
I
ор буса уьш
I
енош цхьаъ ву-те? Х
I
оьънаш дерриге цхьатера а ма ду, лаьттах ца къасталуш, боьха а ду…
I
уьргаш а дийлина, т
I
ехь к
I
омарш а долуш… Там бара уьш, жинаша охьадоьхкина хила?! Ас Дадега хоттур ду!..»

Иштта ойланаш кегош Iачу Канина хаа а ца делира веана Дада шена юххе дIахIутту ш. Мадаган кхурана гергахь йолчу цхьана муц
I
арахь г

I
абакхийн хаьснийн го къовлуш
I
ийна, ламаз-хан герга кхаьчча, делкъе а еш аьлла, схьавеара иза.

– Кана-а-в! Во-о, Кана! Дедаларг-яI! Ма кIант ву-кх Дадин! Ма белхало ву-кх хьо Дадин, ван-м ткъа!.. Нехан-м бац, хьуна, хьо саннарш! Дера бац!.. – ша т
I
евог
I
ий а хоуьйтуш, веара Дада.

Асар деш болчаьрца кIеззиг къамел а дина, ламаз дан дагахь кхор болчухьа дIавола велира воккха стаг.

– Дада, хIара сан ведар ахь кхура кIел кхаччалц дIадеача, цигара дIа, ас хьуьн чу дI а а даьхьна,
I
инах чу
I
анор дара. Д
I
адохьий ахь, Дада? – дендена т
I
евирзира к
I
ант.

– Ой, дера дохьу, дукха дан а дохьуш-м!.. Сан сир дожа кхерам а бац! – резахилла, тI етайра Дада.

Дендеца Канин хилла эвхьазалла а ца тайна, нанас човхийра иза:

– Вуй-й!.. Дала къарве гIазкхи!.. ДIавала суна гучура!.. ГIиллакх доцуш вай хьо-м…

Сиззалц дуьзна ведар а карахь воьдучу дендена, дехьа-сехьа вуьйлуш, юххелелхара кI ант.

– Дада, хIара хIоьънаш ма дукха ду кхузахь?.. ХIорш хьан Iенийна хаьий хьуна? – хаьттира Канас, Дада охьахиъча.

Жоп дала сих ца велира воккха стаг.

– Дера хаьа сан кIант, дукха хаа а хууш-м… Ца хууш делара иза… – паргIат вистхилира Дада.

– Дада, жинаша-м ца Iенийна-те уьш? – сакIамделлера кIентан.

– Оцу жинел а далатоьхначара Iенийна-кх, Кана…

– Уь муьлш бу, Дада?

– Уьш дукха генара бу. Хьуна бевзар бац уьш.

– Дада, церан цIе хаьий хьуна?

– Дера, хаьа!.. Сан дендас дийцина суна… Цхьаъ Гарабби ву… важа – Варанци… Цара бина-кх хIара болх.

– Церан хIун бала бу вайна и хIоьънаш Iено? ТIаккха церан да мила ву? – ша ца кхетаре терра, хIуъ-хIуъу а хоьттура кIанта.

– Церан да хоьтту ахь? Церан ден цIе Паччахь ю. ДIо-о генарчу махкара бу уьш, и Паччахь а ву цигара… – Канин сатедан гIертара денда. – Говраца вахача а, цхьана шарахь бен дIа ца кхочу, боху, цига.

– Дада, церан хIун бала бу вайн кха тIе хIоьънаш Iено?

– Иштта вайна асар дан хала хилийта, целаш а йохош… Вайн дог этIо, вай оьгIазъэх ийта… Хьо хьийзавайта, ловза ца вуьтуш… хьо велхийта… Вайна хьаьжкIаш ца хилийта… Вайна ахьар ца хилийта… Вайга чомахь сискалш ца яийта… Вай маьрша ца дита… – ойланийн урх юхауьйзура воккхачу стага. – Церан хIоьънаш хьалххе чекхдевллехьара, хIинца уьш лехьо цадезнехьара, хьо ловзуш хир ма вара, цани юкъара цIазамаш а дууш, бочабIараш а лехьош…

– Дада, царна муха хиъна хIоккхехь вай дуй?.. Схьабахка царна хьан дийцина? – юх-юха хоьттуш, ца соцура кIант.

– Царний?! Царна шайна гина-кх. Паччахь вуно воккха стаг хилла бохуш, дийцинера суна, вуно лекха а волуш, хIара Мадаган кхор санна, нуьцкъала хилла, боху. Боккха ши б1аьрг а болуш, – кIант Iехаваллал жоп дала гIертара денда, амма важа къарвала ца туьгура.

– Дада, хьажахьа, хIоккхул боккха хиллий и Паччахьан бIаьргаш? – шен карара хIоъ гайтира Канас, шен буйннал болу.

– Дера хилла… хилла а-м ца Iа. Чарранал боккха хилла цуьнан бIаьргаш бохуш, хезна суна-м.

– ВIале-е-лай!.. – бIаьргаш къаьрзира кIентан. – ТIаккха-м тамаш а бац!..

– Оцу сутарчу бIаьргана гуш хилла хIокху дуьнен тIехь мел дерг а: Мадаган кхор а, Коьжалган-дукъ а, вай а, вайл дехьахь мел дерг а… – ша дуьйцург беран ойланех тардеш дуьйцура воккхачу стага.

– ТIаккха… Дада, буьйсана дIавуьжуш, дIачIагIалуш хиллий Паччахьан бIаьргаш? – хоьттура к
I
анта.

– Ца хилла, куц ду. Даима а, Iад-дIа сема, диллина хилла… цкъа а чIогIуш а доцуш… къаьрзина лаьтташ. Ур-атталла, т
I
еч
I
аг
I
а нег
I
арш ца хилла, боху, цуьнан, – шега хоьттучуьнга терра жоп лора Дадас.

– Паччахьан хIунда хилла иштта даккхий бIаьргаш?

– Дуьне а, дуьненахь мел дерг а цунна гуш хилийта. Дуьне цкъа дIакхаллал йолчу цуьнан сутарчу амалх терра хилла б
I

аьргаш а. Иштта и шен г
I
унжара б
I
аьргаш а къерзош, хьенан кха т
I
е х
I
оьънаш
I
енор дара-те бохуш, хилла-кх и Паччахь.

– Осто-о-пираллахI!.. Дала дIаиэца иза!.. – цецвуьйлура Кана.

– Дала дIаиэцна, хьуна, иза-м. ХIинца хьо санна, со жима волуш хезна суна, и Паччахь вийна бохуш. Дала кхин х Iокху дуьнен чу ма воуьйтийла и саннарг… Делан мостаг I!.. – къедадора воккхачу стага даима дагна
I
еткъаш, диццдан цатуьгурш.

– Ма дика ду и вийна!.. Дада, цуьнан ши кIант мила ву бохура ахь? Кхуза веанера и шиъ?.. – юха а хеттарш дора, дерриге а хаа луучу к
I
анта.

– ХIаъ, веанера… Сан дендена а, цуьнан дена а гина хиллера уьш, кхуза хIоьънаш I ено баьхкича. Шаьш кхузахь хьаьжк
I
ашна асар деш дара, бохуш дийцира цара. Т
I
аккха уьш бог
I
уш хилла. Схьа а бог
I
ий, х
I
оьънаш а

I
енадой, д
I
абоьлхуш хилла, – б
I
аьрг-нег
I
ар ца тухуш, ладоьг
I
учу к
I
анте а хьоьжуш, дуьйцура Дадас. – Дуьххьара Гарабби веана хиллера, шеца итт эзар стаг а валош. Т
I
аккха цунна т
I
аьххье Варанци веана, ткъа эзар стаг валош. Хьажал, эцца Коьжалган-дукъа кхаччалц схьавеана и шиъ. Т
I
аккха, эккхийна, д
I
авахийтина ший а, Делан ши мостаг
I
.

Дада ойланаша дIалецира. Иза гуш дара жимачу кIантана. Шен гIайгIано Кана а кхолийра. Сихха юха а меттахвелира к
I
ант:

– Дада, цаьршиннан хIоьънаш муьлханаш ду хаьий хьуна?

– Дукха шера хаьа… Суна сан дендас, Мадага, дийцинера, со хьан хеннара волуш.

– Дада, хьо иштта жима а хилла? – цецвуьйлура кIант.

– Хилла, дера. Хьалха жима а хуьлий, тIаккха ма хуьлу воккха… кIез-кIезиг хууш, ма хаьа х Iуманаш
а… Хьажал, х
I
ара кегий х
I
оьънаш Гараббис дитина, ткъа т
I
аьхьо веанчу Варанцис, вуьш кегий а хетта, кхин а даккхийнаш деана… Ткъа вай х
I
окху шина б
I
е шарахь х
I
инца а кхарах д
I
ац
I
андалаза ду.

– Iалелай, ма дукха хилла церан уьш, хиллий, Дада?

– Дера хилла-хIета, сан кIант, дукха ма хилла… Боьха дIовш ма ду и хIоьънаш. Вайн латта бехдина цара… сакхте дина латта. Оцу х
I
оьънех д
I
овш а даьлла, дукха адам делла, даьхни х
I
аллакьхилла, цамгарш, уьнаш даржийна оцу боьхачу х
I
оьънаша… Д
I
адаха деза, массара а д
I
алахьо деза… – хорам г
I
ертара логе, воккхачу стеган са а лоьцуш; к
I
ант а вацара к
I
еззигчу г

I
айг
I
анехь…

Ламаз-хан яра тIехIоьттина яьлла. Кхаш тIера гIара-гIовгIа а жимъяла йоьллера: кха т1ера нах IиндагIашка боьллачух тера дара. Лахохь, чайн-балл долчохь, картолашна баьрзнаш дина а яьлла, шина йоь Iац а х
I
оьттина хьалайог
I
у баба а гучуелира: ламазана сихъелла йог
I
ура Асмарт шен чехка доцчу боларца. Царна гергахьа долчу Гехин ирзехь делкъа-ламазе кхойкхучу Яхьъян зевне аз а доладелира хаза. Дада а меттаххьайра, шаьшшиннан къамел дерзо дагахь. Къамел чекхдаькхина аьлла, Кана дагазацавалийта цунна цхьа х
I
илла хьеха дагадеара дендена:

– Кана, схьаладогIахьа соьга. Ас хьуна цхьа хаза хIума дагадаийтий?

– Баккъаленна а дийцахьа, Дада!.. – хазахетта, тохавелира цуьнан къамело бодвина волу жима кIант.

Денден кара шен корта а биллина, вохвелла, вижина Iаш волу Кана гIатта гIоьртира, амма Дадас сацийра.

– Ахь оцу айхьа схьалахьийначу хIоьънех ши оьла йиэ: даккхий хIоьънаш цхьана оьлане гулде, ткъа кегийнаш – вукху оьлане. Кхано, хьо схьалахьийна ваьлча, т
I
аккха дагардийр ду вайшимма, Гараббин х
I
оьънаш дукха ду, я Варанцинаш дукха ду хьожуш…

– Iалелай, Дада, и ма хаза хIума ду… Хьалхxе хIунда ца аьллера ахь соьга и?! – самукъадаьлла, хьалаиккхира Кана. Дадас, куьг а лаьцна, юха а шен кара д
I
авижийра: дендена шера гора шен къамеле ладоьг
I
уш
I
ашшехь набаро т
I
етт
I
алето Канин б
I
аьргаш. Цунах догь
I
аьвжина, хьалаг
I
атта сих а ца луш, да-а-йн коьртах куьг а хьоькхуш, к
I
антана набкхетийта хьаьжира иза. Т1аккха, стенна делахь а, 1ен а ца велла хаттар дира к
I
анте:

– Кана, ас хьайна бийцина и вайн къоман турпалхой биц-м ца белла хьуна? Багарбехьа уьш Дадина цкъа юха а…

Набаро совсийна волу кIант, чIеро санна, гIийла балдаш а хьедеш, волавелира:

– … Шайх Мансур, Таймин Биболат… а-а-ъ, БойсагIар, Iаьлбаг-Хьаьжа… То… зар…къа… Ханпа… Нурадил… а-а-а-ъ...

Кхетта йолуш йоллура наб. КхидIа турпалхой багарбар-м хьовха, муьлхха къамел а эрна дуйла гуш дара дендена. Наб ч IагIъеллий хьажа дагахь хаьттира цо к
I

анте:

– Ой-й, Кана, уггаре а коьртачех волу Асланбек Шерипов вицвелла хьуна?..

– Иза хIинца хьехош а вац… – ала ларийра кIант. Бакъду, ша хIун аьлла-м ца хаьара цунна.

Меллаша айъина-ваьхьна, чардакхан лахарчу гIат тIе экама охьавиллира дендас кIант. ТIаккха, паргIат дагардеш, тIетуьйхира:

– Вижахьа хьайна, Кана … Вижахьа, ког хецций… Хьайн ворхIе а да ваьхначу уьрдахь, маьрша… цкъа мукъане а… Вайн-ваьчча вуьжур вара, хьан метта а хилла… Ахь лехьорах и хIоьъ наш кхачалур дац… уьш сан дендас Мадага а лехьийна шен заманахь, ас а лехьийна… хьуна тIекхаччалц массара а лехьийна… Хьол тIаьхьа богIучарна лехьо а дуьсур ду… Орам тесна-хетий цара?!.

***

Кана воккхахилира. Ишколе волавелира. Иза чекх а яьккхина, университетан истори а, меттанаш а Iамочу факультете деша а вахара, кхиамца иза а чекхъяьккхира. Цул тIаьхь а ишколехь берашна хьийхира. Дада а вара гI

оза-декъал Дала шена елла хан йоккхуш. Дезткъе кхаа шарахь вехира Дада. Юх-юха а, кест-кеста а дора цара ширачух къамелаш… юкъ-юкъа Мадаган кхорехь а, Коьжалган-дукъахь а х
I
оьънаш а лехьадора… Амма х
I
етахь, жимачохь, Дадас шена хьехна долу х
I
оьънаш дагардарх лаьцна къамел цкъа а коьртера ца долура. Хуу-у-ш, хиира дерриге а. Х
I
етахь Канина ца хаьара – хуийла а дацара – оцу муьрехь Айдамиран т
I
аьхьенах волчу
I
абдул-Хьаькиман к
I
анта Абузара цу хьокъехь талламаш д
I
ахьош буйла а, цо «Еха буьйсанаш» ц
I
е йолу роман язъеш юйла а… Дерриге а заманца девзар ду. Цхьадерш Дадас дуьйцур ду Абузарна. Оцу романехь деша йиш хир ю, х
I
етахь Дадас беран матте а дерзош, шега дийцинарш.

Абузара яздийр ду:

*«… – ХIаъ, Граббена дика евзара Нохчийн хьаннаш. Ши шо хьалха (1842 шарахь – А.Д.) йоккхачу отрядаца цига г Iоьртина иза цIонтаройн ШоIипа (Коьжалга-дукъахь – А.Д.) аьтта д*
*I*
*авахийтира. Х*
*I*
*етахь 1800 салтичун дакъа кхузахь а дуьтуш, цхьак*
*I*
*еззигчу салташца хала к*
*I*
*елхьаравелира иза…»*

*«…13 июлехь 4 сахьт долуш (1845 шарахь – А.Д.) ДаьргIара меттахвелира Воронцов…*
*Воронцов шен отрядаца Майр-Туьпехьа вахаволлу моттаделла Т*
*I*
*елхаг, Ц*
*I*
*оьнтарна уллехь позици а лаьцна, ч*
*I*
*аг*
*I*
*велира. Амма, отряд рег*
*I*
*аца охьайолаелча, иза Гезлой-Г*
*I*
*опе г*
*I*
*ертий хиъна, чехка цул хьалха а ваьлла, Шоьна а, Т*
*I*
*урт*
*I*
*и-К*
*I*
*отарна а юккъехь долчу Коьжалган-дукъахь ч*
*I*
*аг*
*I*
*велира… Коьжалган-дукъахь юха а болабелира къиза т*
*I*
*ом. Кхузахь лен чевнаш хилира граф Бенкендорфана, граф Гейденна, граф де*
*Бальменна, эла Эристовна, барон Дельвигна, полковникашна Бибиковна,*
*Завалийскина… Краснина уллехь Наполеонна т*
*I*
*ехь толам баккхаза висинчу инарла-адъютантан граф Воронцовн «Сухарийн экспедици»*
*нохчийн хьаннашкахь, йийсаре бигна байнарш боцурш, дуьххьалд*
*I*
*а вийна 4 инарла а, 186 эпсар а, 4 эзар гергга салти а, обоз, яккхий тоьпаш а юьсуш,*
*чекхъелира…»*

***

Хьажахьа, Дадина хIетахь дуьйна хууш хилла-кх ма-дарра… Схьалаццал хан а йоцуш, хене терра кхетам а болуш хилла-кх Кана… Х Iинца а – воккхахилча а – Коьжалган-дукъахь, Мадаган кхорехь, х

I
оьънаш а лехьош, д
I
алелаш ву … шех Дада а хилла…